

# 5 Bagay Ou Ta Dwe Konnen Sou Diskriminasyon akòz Peyi Orijin nan Ebèjman Piblik yo

- 1 Lwa New Jersey kont Diskriminasyon an (LAD) entèdi diskriminasyon ak asèlman selon peyi orijin reyèl oswa peyi yo panse moun nan sòti ladan an nan lye ebèjman piblik yo.** Sa vle di ilegal pou fè diskriminasyon selon etnisite, peyi nesans, kilti, oswa lang nan espas ki louvri pou piblik la, tankou biznis, restoran, lekòl, lopital, klinik doktè, ak ajans gouvènman yo, menm si ou se yon refijye, yon imigran, oswa yon moun ki pa sitwayen Etazini.
- 2 Diskriminasyon akòz peyi orijin pa ka fè w sispann resevwa sèvis egal.** Lye ki louvri pou piblik la pa refize aranjman konplè oswa egal, etablisman, privilèj, oswa sèvis yo sou baz peyi orijin ou. Pa egzanp, yon restoran pa ka egzije w pou tann plis tan pase patwon blan yo paske ou se yon Latino, epi yon detayan pa ka fè pwofil ou pandan w ap fè acha akòz peyi orijin reyèl ou oswa peyi yo panse w sòti ladan, nan kad politik kont vòl nan magazen yo a.
- 3 Lye ebèjman piblik yo dwe aji pou sispann asèlman ki baze sou orijin nasyonal.** Asèlman akòz peyi orijin gen ladan kòmantè ostil, denigran, ak kòmantè entimidan, jès ofansif, ak itilizasyon ensilt etnik akòz peyi orijin yon moun. Yon lye ebèjman piblik dwe rezoud asèlman ki baze sou peyi orijin lè yo konnen oswa yo te dwe konnen asèlman an.
- 4 Li entèdi pou fè diskriminasyon ak asèlman akòz orijin nasyonal nan anviwònman swen sante yo.** Founisè swen sante yo pa ka pran sentòm ou yo mwens oserye, refize bay swen, ba w mwens swen, oswa fè w fè tès depistaj pou dwòg san pèmisyon w senpleman akòz peyi orijin reyèl ou oswa peyi yo panse w sòti ladan. Pa egzanp, yon dantis pa ka refize w sèvis yo paske ou pa pale Anglè oswa paske ou sòti nan peyi Pakistan.
- 5 Lye ebèjman piblik yo dwe bay sèvis egal pou tout moun san konsidere peyi orijin yo.** Pa egzanp, lekòl yo pa ka ba w yon edikasyon kalite enferyè antanke yon elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL) akòz kapasite w pou pale Anglè oswa akòz aksan w. An jeneral, lekòl piblik primè ak segondè yo pa ka refize enskri yon elèv akòz sityasyon imigrasyon yo, eksepte pou elèv ki sou viza F-1 yo.

Pèsòn pa ka fè zak reprezay kont ou paske w te deklare vyolasyon LAD yo, paske w te fè yon plent pou diskriminasyon, oswa paske w te egzèsè lòt dwa selon LAD a.

Pou konnen plis, oswa pou depoze yon plent, ale sou [NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov) oswa rele 1-833-NJDCR4U (1-833-653-2748). DCR aplike LAD a, ki pwoteje tout moun kont diskriminasyon nan New Jersey san konsidere sityasyon imigrasyon yo. Pou aprann plis, klike sou [isit la](#).

Pou konnen plis oswa pou depoze yon plent, ale sou [NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov) oswa rele **1.833.NJDCR4U**



Biwo Avoka Jeneral NJ

[NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov)



@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate

